Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

CIVIC ACTION TEAMS

अंक
११४

२९।०३।२०७८



## गौरीफन्टा नाका सँ कामके खोजीमे भारत जायवलाके भीड, अखन प्रत्येक दिन २ हजार सँ बेसी नेपाली ईहे नाका सँ भारत जारहल छै ।

*तस्विर: सुनिता बि.क.*




चीनसँ आबवला ३० लाख खोराक खोप मे सँ ८ लाख खोराक भेरोसेल खोप नेपाल एलै ।
खोप योजना अनुसार लक्षित समूहके देल जेतै ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कोभिड प्रतिकार्यमे राष्ट्रिय तथा अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्थाके योगदान**

जम्मा २८२ संस्थासभ २ अर्ब ५७ करोड ५६ लाख बराबरके रकम योगदान केने छै ।

**साउदी अरब जायवला श्रमिकके क्वारेन्टाईन मे रहके खर्च नै तिर परतै कहादन ।**

साउदी श्रम प्रणालीमे समेटने नेपाली श्रमिकसभके संस्थागत क्वारेन्टाईन खर्च सम्बन्धित रोजगारदाताके व्यय कर परतै ।

**कोरोना कहरमे पर्दा पाछुके असली हिरो भुषाल**

जनशक्ति आ उपकरणके अभाव भेलापर समेत हुनकर समुह एक दिनमे १२ सय नमूना तक परिक्षण केलक ।

# फ्याक्ट सिट

## कोभिड प्रतिकार्यमे राष्ट्रिय तथा अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्थाके योगदान

**जम्मा सहयोग : रु. २,५७,५६,९६,६२३**

अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्था
रु. १,५३,६९,१५,३३४

गैर सरकारी संस्था
रु. १,०३,८७,८१,२८९




**जम्मा लाभग्राही : ५९,८०,३५७ जना**




प्रत्यक्ष
७,५५,३१९ जना

अप्रत्यक्ष
५२,२५,०३८ जना



जम्मा योदानकर्ता
२८२ संस्था



खाद्य सुरक्षा
५४



स्वास्थ्य
१००



जोखिम सञ्चार आ समुदाय परिचालन
३४



आवास/वास
२३



शिक्षा
२३

अन्य
४५

कोभिड - १९ प्रतिकार्यमे राष्ट्रिय तथा अन्तरराष्ट्रिय गैर सरकारी संस्थाद्वारा कएलगेल योगदानके समाजकल्याण परिषद एकिकृत आँकडा तैयार केने छै । जै मे जम्मा २८२ संस्थाद्वारा २ अर्ब ५७ करोड ५६ लाख बराबरके रकम योगदान केने छै । जै योगदान सँ प्रत्यक्ष रुपमे ७ लाख ५५ हजार कोई आ अप्रत्यक्ष रुपमे ५२ लाख २५ हजार आदमी लाभान्वित भेल छै । ई सहयोग नगद आ उपकरण दुनु माध्यम सँ भेल छलै । जै सँ सरकारके कोरोना महामारी विरुद्ध लड़ सरकारके मजबुत आधार देने छै ।

स्रोत: https://www.swc.org.np/sites/default/files/suchana/FlashReport_infograph_July%209.pdf

# हल्ला आ तथ्य

खोप लगेलाके बाद आधा घण्टा तक खोप केन्द्रमे रह परैत छै कहादन, किया ?

हँ, खोप लगेने आदमीके खोप लगेलाके बाद आधा घण्टातक खोप केन्द्रमे बैस परैत छै । खोप लगेलाके बाद खोप सँ तुरन्त कोनो प्रतिक्रिया केलक त तत्काल ईलाज कर आसान होई कहके लेल एना कएल जाईछै । विशेष कळक खोप लगेलाके बाद तत्काल रक्तचाप जाँच कएल जाईत छै आ आधा घण्टा बाद फेर रक्तचाप जाँच कळक ठिक भेल सुनिश्चित कळ खोप लगेने आदमीके घर जाय देल जाईछै ।

Source:  https://cutt.ly/5mOiZZZ

साउदी अरब जायवला श्रमिकके क्वारेन्टाईनमे रहलापर लागवला खर्च तिर नै परतै कहादन ।

कोभिड - १९ विरुद्ध खोपके मात्रा पुरा नै केने विदेशी नागरिकके साउदीमे अवतरण केलाके बाद सात दिन अनिवार्य क्वारेन्टाईनमे रह परतै । जेकर खर्च करिब एक हजार अमेरिकी डलर होईत छै । आब लेकिन साउदी श्रम प्रणालीमे समेट्ने नेपाली श्रमिकसभके संस्थागत क्वालेन्टाईन खर्च सम्बन्धित रोजगारदाताके तिर परतै । तहिना कळक, घरेलु कामदारके हकमे क्वालेन्टाईनमे लागवला खर्च सम्बन्धित भर्ना करवला निकायके तिर परतै ।

Source: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/184/lan/ne-NP

भूकम्प प्रभावितके नीजि आवास पुर्न निर्माणके एवजमे जेठ अन्तमे अन्तिम किस्ता लैला कहने छलै । कोरोनाके कारण सँ लेब नै सकलौ । आब नै भटतै कहिक सुनैत छी ।

कोरोनाके कारण ओना लेब सँ छुटल नीजि आवास पुर्न निर्माण तथा प्रवलिकरण लाभग्राहीके सम्बन्धित स्थानीय तहके सिफारिसमे अनुदानके बाँकी किस्ता २०७८ कार्तिक अन्ततक भेटतै । ओईके लेल सम्बन्धित लाभग्राहीके २०७८ कार्तिक अन्त भितर अपन वडा कार्यालयमे निवेदन दळ देब परत ।

Source:https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2435

## कोभिड - १९ के समयमे सीमानाकामे समस्या

# भारतसँ जुटल अधिकाँश सीमानाका बन्द भेला सँ सर्व साधारण नागरिक निरास




# आर्थिक मन्दी



*स्पष्टीकरण: ई आँकडा अनलाईन मिडिया, राष्ट्रिय दैनिकसभ, जिला स्तरमे प्रकाशित होबवला पत्रपत्रिकासभ आ नेपाल प्रहरीके वेवसाईटसँ संकलन कल एकीकृत कएलगेल छै । तै सँ, अई सँ बास्तविक आँकडा सँ बेसी निर्धारित समयमे सम्बन्धित घटनाके प्रवृत्तिके देखाबैत छै ।*

कोरोना भाईरसके संक्रमण नै फैलै तै के लेल नेपाल कोरोना महामारीके शुरु सँ भारत सँ जुटल सीमानाका बन्द केलकै । लेकिन, लम्बा समयतक सरकार सीमानाका खोलके कोनो तैयारी नै केलापर सर्वसाधारण नागरिक आक्रोशित होबलागल । कृषकसभ भारत सँ बिया किन नै पौलापर शिकायत कर लागल । महामारीके समयमे नेपाल फिर्ता आएल श्रमिकसभ फेरो काममे फिर्ता जाय नै पौलक । सिमापार व्यापार करवलासभके व्यापार नै बढिया सँ प्रभावित होब लागल । महामारीके समयमे सीमानाका बन्द करके निर्णय ठिक होईतो, व्यवसायी आ भारतपर परनिर्भर आरो नागरिकके सरकार विकल्प देब नै सकलापर विवश भलक हुनकासभके विरोधमे उतर परलै । अई सँ नेपालके अर्थतन्त्रमे सेहो बहुते उतार एलै । पहिल बेर बन्दाबन्दी भेलाके बाद समाधानके विकल्प देब सरकारलग पर्याप्त समय छलै । लेकिन, सरकार अईमे चुकलाके बाद नागरिकके स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्डके बेवास्ता कलक सीमापार जायके लेल मजबुर बनेलकै ।

Source: https://nepalmonitor.org/

## निर्धारित खोपके पूर्ण मात्रा लगेनेके कतार अवतरण केलापर क्वारेन्टाईनमे रह नै परतै

### कतार:




- कतारके स्वास्थ्य मन्त्रालयसँ तोकलगेल खोप लगालेने नेपाल लगाएत आरो देशके नागरिक कतार फिर्ता गेलापर आब होटेल क्वारेन्टाईनमे नै रह परतै । लेकिन, कतार जाय सँ १२ घण्टा पहिले एथराज एपके वेव साइटमे जाळक बिवरण लेकिन भर परतै ।

- आप्रवासी नागरिक तथा कामके भीषा भेल पर्यटकके कतार छोईर क ६ महिना भितर फिर्ता एलापर परिचय पत्रके अवधी भेलापर प्रवेश अनुमति नै चाहि । ६ महिना पुरा भेल आ परिचयपत्रके अवधी समाप्तभेलसभके निर्धारित जरिवाना तिरके नविकरण करके सगे पुन:प्रवेश अनुमति लेब परत ।

- खोप पुरा खोराक नै लगेनेसभके अनिवार्य रुपमे होटल क्वारेन्टाईनमे रह परत । डिस्कभर कतारके वेबसाइटमे जाळक होटेल बुकिङ कर सकैछी । होटलमे १० दिन आ मेकानाइकमे १४ दिन रह परत।

- कतारमे पर्यटक आ पारिवारिक भिषा जुलाई १२ सँ खुलत ।

- २०२२ मे होब लागल विश्वकपके उदघाटन खेल नोभेम्बर २१ मे अल खोर स्थित अल बायत रंगशालामे हेतै ।

- सार्वजनिक जगहपर मास्क नै लगाक चलनाई, सामाजिक दूरी कायम नै केनाई आ मोवाईलमे एतराज एप इन्स्टल नै करवला आदमीसभके धरपकर करके क्रम जारी छै ।

- कतारके लेल सप्ताहके सातो दिन कतार एयरवेज आ नेपाल वायुसेवाके उडान भळरहल छै ।

### साउदी अरेबिया:

- सबके दोसर खोराक खोप लगाब आग्रह कएलगेल छै ।

- मानव संसाधन एबम सामाजिक विकास मन्त्रालयसँ साउदीमे काजकरहल आप्रवासी कामदारसभ अपन हक अधिकार आ कतव्यके बारेमे कतेक सचेत अछि से बुझके लेल अनलाईन मार्फत सर्वेक्षण करहल अछि । ओई सर्वेक्षणमे सहभागी होब www.hrsd.gov.sa मे जाळक सहभागिता जनाब सकै छी ।




www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## कोरोना कहरमे पर्दा पाछुके असली हिरो भुषाल

जेना लडाईमे सिपाही अपनाआपके गोली लाग सकैय से जैनतौ मैदान मे जालक लडाई करैत अछि, तहिना अपना आ अपन परिवार समेतके जोमिमे राखिक दिनराती, भुख प्यास नै कहि अपन कामे खटैत रहलैथ, डडेल्धुरा अस्पतालके प्रयोगशाला ईन्चार्ज ईश्वरी प्रसाद भुषाल । कोरोना महामारीके समयमे भुषाल सहित ४ कोईके समूह डडेल्धुरा अस्पतालमे अग्रपंक्तिमे रहिक काज करहल छैथ ।

नेपालमे कोरोना संक्रमणके त्रास आबिचुकल छलै, धिरेधिरे डर संगे संक्रमण सेहो फैललै । ओई समयमे कोरोना जाँच करके एकटा मात्रे विश्वसनिय कहबै त पि.सि.आर. छलै । लेकिन, उ परिक्षण विधी नेपाल नै आएल छलै । काडमाण्डौमे समेत समेत नै भेल पि.सि.आर. परीक्षण सुदूरपश्चिममे होबके बाते नै भेलै । एत तक कि, कोरोना परिक्षण करमे प्रयोग होबवला भिटीएम समेत पुरे सुदूरपश्चिममे नै छलै । तेहन कठिन परिस्थितीमे अस्पताल अपने ईन्फ्लुएन्जाके लेल कहिक रखने १० टा भिटीएममे कोरोनाके नमुना संकलन कलक परीक्षणके लेल बाहर पठाएल गेल छलै ।

जनशक्ति आ उपकरणके अभाव भेलापर समेत हुनकर समूह एक दिनमे १२ समय नमूना तक परिक्षण केलक । सरकार स्वास्थ्यकर्मीके १४ दिन काम कलक १४ दिन आईसोलेशनमे रहके सुविधा देने छलै, लेकिन बेसी सँ बेसी परिक्षण केना कर सकब कहिक हुनकर समूह कोनो छुटटी नै लल काम केलक । रोगीके नमूना परिक्षण करैतमे भुषाल, संगे काम करवला स्वास्थ्यकर्मीसभके कोरोना परिक्षण कर सेहो बिसैर गेलाह ।



चिनीके रोगी रहल हुनकर सहकर्मीके शौचालय सेहो जायके समय नै भेटल । ओईके विकल्पमे प्याड लगाक चौबिसो घण्टा काम केलैथ । ओईपर सँ खाना खायके लेल होटलमे गेलापर स्वास्थ्यकर्मी छैथ से बुझलापर होटलवला खाना सेहो नै देलक । लेकिन तैयो हुनकर काम करके हौसला नै डगमगाएल ।



हुनकर कनिया सेहो डडेल्धुरा अस्पतालमे स्टाफ नर्सके रुपमे कार्यरत छथि । हुनकासभके ८ वर्षके बेटा छै । कोरोना महामारीके समयमे दुनुकोई स्वास्थ्य क्षेत्रमे काम करहल सँ बेटाके सेहो अपनासभ सँ कोरोनाके संक्रमण नै होई से सोचिक महेन्द्रनगर स्थित मामा गाँम पठा देलैथ । एकर उपयुक्त दोसर विकल्प हुनकालग नै छलै । अखन ऊ एक डेढ महिना भितर नेगेटिभ प्रेसर सहितके बि.एस.एल. प्लसके प्रयोगशाला चलाबके लेल तैयारीमे लागल छैथ । ई प्रयोगशाला शुरुभेलाके बाद एतके जनताके कोरोना लगाएत आरो घातक रोगके परिक्षणके लेल बाहर नै जाय परतै ।

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात

कोभिडके पहिल लहरमे हम कार्यरत अस्पतालमे जम्मा २९ टा आइसियु आ १० टा भेन्टिलेटर निर्धारित कएलगेल छलै । ऊ पर्याप्ते जेहन छलै । लेकिन दोसर लहरमे ५६ टा आइसियु आ १९ टा भेन्टिलेटरके व्यवस्था केलाके बादो अपुग भेलै । तेसर लहर एतै त कतेक भयावह रुप लक्ष्क एतै से नै पता अछि । हमरासभके तैयारी पर्याप्त हेतै कि नै हेतै, सेहो नै बुझल अछि । सब नागरिकके जल्दिए खोप भेटके अवस्था सेहो नै देखाईत छै । तै सँ, तेसर लहर के आमन्त्रीत नै केनाईए बुद्धिमानी हेतै । ऊ अपनेसभके हाथमे छै । स्वास्थ्य अनुशासनके पालना केनाईके दोसर विकल्प नै छै ।

## प्रा.डा. टु माया घल

कोभिड फोकल पर्सन,
गण्डकी मेडिकल कलेज, पोखरा





## कृष्ण बहादुर आले मगर

अहेब,
धुलिखेल संजिवनी आईसोलेशन, काभ्रे

संक्रमितसभ आईसोलेशनमे एलापर निराश मुँह लक्ष्क अबैत छलैथ । ओई समयमे हुनकासभके आत्मबलके जरुरत होई छलै । आईसोलेसन केन्द्रमे खटके क्रममे हम अपने सेहो कोरोना संक्रमित भऽ गेलौ । हम अपने उदाहरण दक्ष्क परामर्श देवके काम केलौ । अखन बाहर देखला सँ किन्हको भी बिमार परलापर दु:ख पाएब से स्मरण केने नै देखैत छि । ई कतेक पीडादायी छै, अपने भोगलापर मात्रे पता चलैत छै । एक बेर कल्पना करु अपने कारण सँ हमसभ संक्रमित भेलौ, जिम्हर देखु उम्हरे दवाई आ उपकरणके अभाव मात्रे छै, अस्पतालमे जगह नै छै । तब कि करबै ? तै सँ सचेत रहु, सुरक्षित रहु ।

# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS



**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड़ दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्र स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्र नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।

Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**REACH OUT TO US ON**


- Facebook: @CivicActionTeams
- Instagram: @civacts
- Twitter: @CivActs
- YouTube: Civic Action Teams
- SoundCloud: /accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org
Phone: 9851203219